

Jen 2020

Bilten 12 | NIMEWO #64 |

FELISITASYON Gradye KLAS 2020 yo

Pou tout gradye dènne ane lekòl segondè atravè peyi a, COVID-19 te fè yon gwo efè sou yo e li okazyone anilasyon, modifikasyon oubyen ranvwa selebrasyon anyèl etap enpòtan fen lekòl segondè, tankou, bal gradyasyon, fèt gradyasyon, prim ak selebrasyon bousetid e sa ki pi enpòtan toujou, posesyon seremoni gradyasyon yo. Gradyasyon se seremoni akademik ki pi enpòtan pou elèv ki travay tèlman di pou yo fini yon edikasyon 12 ane lekòl e li se yon moman enpòtan pou fanmi yo tou, ki te sipòte efò elèv yo sou chemen akademik yo. Nan yon efò pou rekonèt e onore Klas 2020 an, nou kreye edisyon Espesyal

pou Gradye sa a pou prezante kèk nan gradye nou yo ki te eksele nan tout fason inimaginab, anpil ladan yo gen istwa konvenkan pou yo rakonte. Lekòl Leta Miami-Dade County espere elèv sa yo ap enspire w. Anplis, Distri a lanse yon kanpay sansibilizasyon medya sosyal solid pou prezante gradye yo. Jounal Miami Herald te pibliye yon edisyon espesyal ki rekonèt Klas 2020 an 14 jen. Pou plis istwa enspirasyonèl sou gradye nou yo, chèche #MDCPSGrad ak #MeetMDCPSGrads sou medya sosyal. Klas 2020 se yon lòt kalite!



ANQUINCIA JONES

**BOOKER T. WASHINGTON
SENIOR HIGH SCHOOL**

Anquincia Jones, ki fèt e grandi nan katye istorik Overtown, se yon elèv atlèt ki rive antèt nan klas li kòm youn nan elèv lidè ki pi dinamik nan Booker T. Washington. Anquincia, ki jwenn ankourajman nan travay di, devouman ak sèvis ki dezenterese, te dedye plis pase 950 èdtan sèvis pou kominote lokal li a. Li fè sa pandan li kenbe yon Mwayèn Jeneral 4.5, pandan l ap sèvi kòm Prezidan Klib Magnet Jeni ak Wobotik, Ajan Laprès nan 'National Honors Society', e kapiten nan ekip inivèsité feminen an ansanm ak ekip foutbòl 'flag' la. Anrasine nan lanmou li genyen pou Bondye ansanm ak relasyon sere li ak fanmi l, Anquincia ap planifye pou l vin pwochen pilye sou teren basketbòl la nan Cornell State College nan Iowa pandan otòn sa a, e li gen entansyon pou li ta sèvi nan Kò Jeni Lane a kòm yon enjenyè sivil.

Julio Jaramillo-Mora se yon elèv ki travay ekstrèmman di e ki trè devwe. Sans matirite li ak responsablite li parèt non sèlman nan angajman li pou travay lekòl li, pwogram sètifikasyon avyonik la, ak travay li; men tou, atravè swen li pran pou l planifye lavi li ak devouman li pou l asire byennèt fanmi li. Lè fanmi li te kite Miami, Julio te chwazi pou li rete dèyè poukont li pou l te kapab fini sètifikasyon li nan 'George T. Baker Aviation Technical College' e li te kontinye fè de (2) travay li yo pou voye lajan bay manman li. Julio akimile plis pase 900 èdtan sèvis kominotè e li kenbe yon Mwayèn Jeneral 3.9 nan 'Homestead Senior High'.



JULIO JARAMILLO-MORA

**HOMESTEAD
SENIOR HIGH SCHOOL**



SCHERAZADA LOZADA

**JOSE MARTI MAST
6-12 ACADEMY**

Scherazada Lozada gen yon dosye akademik enpresyonan, ki kòmanse avèk klasman li pami senk pousan meyè elèv nan klas li. Li resevwa Diplòm AP Capstone, 'Gold Biliteracy Seal', 'Scholar Designation', 'Merit Designation', Diplòm Distenksyon Sipèentandan an e li resevwa nominasyon 'Silver Knight' nan lekòl la pou Bousetid Jeneral. Sa gen plizyè ane, li te fonde yon òganizasyon ki pa la pou pwofi, "Silver Knights Take Action," ki pote non 'mascot' lekòl la. Òganizasyon sa a te ede divès òganizasyon byenfezans, tankou 'St. Jude's Children Hospital' ak 'American Cancer Society'. Òganizasyon an te ede tou nan divès pwojè anbelisman nan zòn lekòl la, nan ofri fon pou kòmanse plizyè sosyete onè ak chapit klèb sèvis chak ane, e li te menm kolekte inifòm ize elèv yo pou lave, rakomode e revann yo nan kòmansman lekòl la ak fanmi pou yon pri ki ba. Anplis, li te prezidan 'National Honor Society' ko-kapitèn nan ekip ki rele MAST lekòl la, ki te asosye avèk 'American Cancer Society - Relay for Life'. Li se yon pilè nan lekòl la pou sèvis kominotè, li akimile plis pase 2,000 èdtan. Scherazada ap planifye pou l ale nan University of Florida.

Pandan tout lavi Mark Coiras, li ap lite kont yon maladi nan sistèm defans iminitè li ki lakoz gwo doulè e ki afekte vizyon li yon fason konsiderab. Li gen anpil gratitud pou jantiyès ak swen pwofesyonèl medikal yo ansanm ak jenewozite yon kantite moun li pa ka konte ki te ede li nan moman ki pi difisil nan lavi li. Mark remèt kominote a tout sa atravè misyon sèvis kominotè 'Mark's Miracles.' Li menm ak fanmi li konsakre tan yo pou fè volontè, ede moun ki pi defavorize yo nan prepare manje, pote mizik nan mezon retrèt yo e anseye timoun nan lekòl mwayèn mizik. Mark ap gradye pami 15% meyè elèv nan klas li e li se youn nan elèv ki ap Resevwa Bousdetid Prezidan University of Miami an.



MARK COIRAS

**MIAMI ARTS STUDIO 6-12
AT ZELDA GLAZER**



HEAVYN LEE

**MIAMI BEACH
SENIOR HIGH SCHOOL**

Heavyn Lee se kalite elèv devwe ki pa menaje anyen pou bay meyè rezilta posib. Nan lekòl mwayen, li te deside pou l aprann Espayòl, e li te tèlman fè sa byen li te pran egzamen AP Espayòl la nan 8èm ane eskolè e li te pase avèk yon nòt siperyè. Pandan tan li te pase nan Beach Senior High, li te antre nan pwogram IB a ansanm ak Anwolman Doub. Heavyn pral resevwa diplòm dezan kolèj li nan Miami Dade College. Li te trè angaje tou nan gouvènman elèv la nan 10èm ane eskolè. Aktyèlman, l ap sèvi kòm prezidan Konsèy Elèv la. Lè Lee pa lekòl, li pase tan li kòm volontè avèk 'Nyah Project', 'Breakthrough Miami', ak 'National Achievers Society' nan Florida International University. Li se tou enstriktè pou sekirite nan dlo nan 'Riverland Park'. Heavyn te resevwa Bousetid 'Gates' e li prale nan Harvard University nan otòn nan.

Sylus Miller fè pati pwogram iPrep Miami Carol City Senior High. Li se yon manm nan Fanfa 'Chiefs' la depi katran kòm yon Lidè Seksyon, Vis-Prezidan, e pi resamman, kòm Prezidan. Li te patisipe tou nan pwogram JROTC a e li te vin kaporal. Yo te aksepte Sylus nan Iowa State University, Florida Agricultural and Mechanical University, North Carolina University, Michigan University ak Penn State University. Li te resevwa yon bousetid \$41,000 sou baz merit nan Michigan State University. Sylus te resevwa Bousdetid 'Florida Medallion' e li gen pwojè pou l ale nan Penn State University e li anwole tou nan Rezèv Lane a.



SYLUS MILLER

**MIAMI CAROL CITY
SENIOR HIGH SCHOOL**



BONI ABDULALI

**MIAMI SOUTHRIDGE
SENIOR HIGH SCHOOL**

Boni Abdulali te enskri nan lekòl segondè kòm yon minè ki pa akonpaye atravè Pwogram 'Catholic Charities Refugee Resettlement.' Majorite fanmi biyolojik li te deplase oubyen asasine pandan gè etnik ak konfli teryen ki kontinye ap fèt nan zòn nòdwès Myanmar. Malgre difikilte sa yo, Boni te chwazi pou l pèsèvere. Li te aktif nan Klib Lang Mondyal la, pwogram ar ak JROTC. Aktyèlman li aspire pou l antre nan yon branch lame Ameriken pou l sèvi peyi ki te ba li refij la.

Anna Bellas pwouve siksè akademik li ka abouti a reyalizasyon ekstrawodinè nan salklas e endeyò salklas. Li gen katran depi l ap patisipe nan gouvènman elèv, kote li sèvi kòm Prezidan Klas Dènye Ane Segondè a ane sa a. Anplis, Anna se Prezidan 'National Honor Society', yon manm nan òganizasyon sante elèv nan lekòl li a (HOSA), yon manm ekip atletik, natasyon ak majorèt yo. Li te pran dezyèm plas nan konpetisyon Rejyonal HOSA pou Sansibilizasyon Kominotè. Akonplisman sa a, ansanm ak travay li avèk Asosyasyon Ameriken pou Maladi Kè pandan mach anyèl yo a, ekspoze byen klè pasyon li pou medsin. Li ap fè plan pou l anwole nan Akademi Naval Ameriken nan otòn sa a avèk yon bousdetid \$400,000. Objektif li se vin yon doktè nan 'Navy' Etazini. Anna akonpli tout eksplwa sa yo, pandan li kontinye kenbe yon Mwayèn Jeneral 5.08, pi gwo mwayèn nan klas li a ki gradye ane sa a.



ANNA BELLAS

**MIAMI SPRINGS
SENIOR HIGH SCHOOL**



LUISMEL ROQUETE

**SOUTHWEST MIAMI
SENIOR HIGH SCHOOL**

Luismel Roquete te rive Etazini sa gen sèlman katran e li te enskri nan Southwest Miami Senior High kòm yon elèv ESOL. Kounye a l ap gradye pami twa pousan meye elèv nan klas li, e li pral resevwa diplòm dezan kolèj nan Miami Dade College. 'South Florida Educational Federal Credit Union' te anplwaye li apre l te konplete estaj li, kote li te pami yon ekip elèv ki te kreye yon ekselan pwogram òdinatè ki rele 'SmartCash'. Aplikasyon an pèmèt li rive nan final nan pwogram Nasyonal Devlopman Aplikasyon Lenovo a an 2019. Luismel gen plis pase 800 èdtan sèvis kominotè e li resevwa pi gwo onè nan lekòl li, 'Academy of Finance and Banking'. Li se premye manm nan fanmi li ki reyalize rèv pou l gen yon edikasyon e jan li di l, "Mwen kontan pou m reprezante tès pilòt la – konsa jèn kouzen mwen an ap gen batay ki pi solid." Li gen pwojè pou li kontinye edikasyon li.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Doktè Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon
Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon